



Koutwazi Biwo Istwa ak Bibliyotèk USCIS la

SIZYÈM ETAP: Ofisye Azil la Pran Desizyon Sou Kalifikasyon epi Ofisye Sipèvizyon Azil la Revize Desizyon an

Ofisye Azil la detèmine si aplikan an satisfè definisyon yon refijye nan INA § 101(a)(42)(A) ak si aplikan an entèdi pou yo akòde li azil la sou INA § 208(b)(2). Yon Ofisye Sipèvizyon Azil ap revize desizyon Ofisye Azil pou detèmine si desizyon an konsistan avèk lalwa.

SETYÈM ETAP: Aplikan an Resevwa Desizyon an

Nan pifò ka, aplikan an ap retounen devan Ofisye Azil la pou pran desizyon an de semèn apre lè li te fin fè antrevi a. Anjeneral, aplikan ap resevwa desizyon an nan 60 jou ki vini apre dat li ranpli aplikasyon pou azil la. Men, yo kapab pran desizyon sou ka a anreta akòz tchèk sou sekirite ak dosye kriminel ki annatant. Tan pwosesis la ki dire pi lontan kapab nesesè tou pou aplikan ki nan yon sitiyasyon valid, ki te fè antrevi a nan yon biwo distri, oswa ki genyen ka manm pèsònèl Biwo Santral Divizyon Azil la revize. Jeneralman yo voye desizyon an ba aplikan an pa lapòs nan sitiyasyon sa yo.



Ou gen dwa pou vini ak pwòp reprezantasyon legal ou nan yon antrevi pou azil, epi Gouvènman Etazini p ap peye pou sa. Ou kapab jwenn yon lis avoka *pwo bono* (gratis oswa pou pri ki ba) oswa òganizasyon kominotè, òganizasyon ki pa komèsyal ki kapab disponib pou ede ou. Pou jwenn youn:

- Ale gade sit wèb nou an ki bay enfòmasyon sou konsèy legal gratis.
- Rele liy pou fè demand fòmilè a nan **1-800-870-3676**.
- Vizite Biwo Egzekitif Pou Imigrasyon Depatman Lajistis Ameriken an
Ale gade sitwèb la ki se <http://www.usdoj.gov/eoir>.
- Kontakte Biwo Azil oswa Biwo Distri ki toupre lakay ou a.

Reprezantan Wo Komisarya Nasyonzini Pou Refijye (UNHCR) kapab anmezi pou ede ou idantifye moun pou ede ou ranpli Fòmilè I-589 ou a. Pou kontakte UNHCR, rele (202) 296-5191 oswa ale sou <http://www.unhcr.org>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sijè ki diskite nan tiliv sa a, tanpri ale nan sit wèb:

<http://www.uscis.gov/asylum> oswa rele 1-800-375-5283



PWOGRAM AZIL USCIS LA

Gid Enfòmasyon Pou Moun Kap Mande Azil



U.S. Citizenship
and Immigration
Services

Chak ane, anpil moun vini Ozetazini pou chèche pwoteksyon paske y ap pèsekite yo oswa paske yo pè pou yo pa pèsekite yo akòz ras yo, relijyon yo, nasyonalite yo, afilyasyon yo nan yon gwoup sosyal an patikilye oswa konviksyon politik yo. Moun yo jwenn ki kalifye pou azil kapab jwenn pèmasyon pou rete Ozetazini.

Kisa azil ye?

Azil yon se yon fòm pwoteksyon yon refijye jwenn poutèt li kite yon peyi akòz laperèz pèsekisyon ki pèmèt li rete Ozetazini epi petèt vin yon rezidan pèmanan legal.

Kiyès ki ka aplike pou azil?

Moun ki pa sitwayen ameriken ki prezan fizikman Ozetazini oswa rive Ozetazini, swa nan yon pò antre ou pa, kapab mande li.

Kilè mwen dwe aplike pou azil?

Anjeneral, ou dwe aplike pou azil nan yon ane apati dat ou antre dènye fwa Ozetazini. Kapab genyen eksepsyon tankou (1) chanjman sikonstans nan peyi kote ou sòti a ki afekte kalifikasyon ou oswa (2) sikonstans ekstrawòdinè ki gen pou wè ak reta ou pran nan ranpli fòmilè aplikasyon an.

Èske mwen kapab aplike pou azil si mwen nan peyi a ilegalman?

Wi. Ou kapab aplike kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou, toutotan ou ranpli aplikasyon ou nan yon ane apati dat ou te antre a oswa si ou kalifye pou yon eksepsyon nan règ sa a.

Èske mwen ka aplike si mwen te kondane pou yon krim?

Wi. Men, yo kapab entèdi pou ou jwenn azil la selon krim lan.

Èske yo kapab entèdi mwen pou aplike pou azil la oswa pou yo akòde mwen azil la?

Yo kapab entèdi pou ou aplike pou azil si ou te aplike pou azil anvan, epitou si yon jij imigrasyon oswa Konsèy Apèl Imigrasyon an te refize akòde ou azil la, si ou pa t aplike pou azil nan yon ane apati dat ou te antre dènye fwa nan peyi a, oswa si yo kapab voye ou nan yon twazyèm peyi sennesòf dapre yon akò ant de peyi oswa ant plizyè peyi. Yo kapab entèdi pou yo akòde yon azil akòz sèten aktivite kriminel, rezon ki gen pou wè ak sekirite oswa si ou te patisipe nan pèsekisyon lòt moun oswa si ou deja ale nan yon lòt peyi avèk volonte ou. Sèten eksepsyon kapab aplike. Men, si yo entèdi ou aplike pou azil, ou toujou kapab gen dwa pou anpeche ekspilsyon an, yon lòt fòm pwoteksyon pi limite yo kapab akòde ou nan pwosedi ekspilsyon an.



Kijan pou mwen aplike pou azil?

Pou aplike pou azil, w ap bezwen ranpli **Fòmilè I-589, Application for Asylum and for Withholding of Removal** [Aplikasyon Pou Azil ak Pou Pa Ekspilse], epi swiv enstriksyon yo ak anpil atansyon. W ap jwenn fòmilè yo nan sit wèb <http://www.uscis.gov/forms> epitou ou kapab rele pou mande fòmilè a nan nimewo **1-800-870-3676**.

Ki frè pou mwen peye pou aplike pou azil la?

Pa genyen frè pou peye pou aplike pou azil.

Èske mwen kapab ajoute madanm oswa mari mwen ak pitit mwen yo sou dosye mwen an?

Ou kapab ajoute sou aplikasyon madanm oswa mari ou ak pitit ou yo ki Ozetazini nan moman w ap ranpli aplikasyon an oswa nenpòt kilè jouk lè yo pran desizyon final sou ka ou a. Yon timoun pa dwe genyen laj 21 ane epitou li pa dwe marye pou ou kapab ajoute li kòm yon depandan sou aplikasyon ou. Ou ta dwe vini avèk depandan sa yo avèk ou nan antrevi azil ou a.

Èske yo kapab tcheke dosye kriminel mwen si mwen aplike pou azil?


Wi. Yo kapab tcheke dosye kriminel tout ki aplike pou azil. Selon rezilta ankèt sa yo, yo kapab jwenn ou pa kalifye pou yo akòde ou azil la.

Èske y ap fè anprent mwen si mwen aplike pou azil?

Wi. Apre ou fin ranpli aplikasyon ou pou azil la, w ap resevwa yon avi pa lapòs epi avi a ap genyen ladan lè, dat ak kote ou dwe ale pou fè anprent ou nan yon Sant Sipò Aplikasyon.

Èske mwen kapab travay apre mwen fin aplike pou azil?

Ou pa kapab aplike pou otorizasyon travay nan menm moman ou aplike pou azil la. Men, ou kapab aplike pou otorizasyon travay si 150 jou pase depi ou te fin ranpli fòmilè aplikasyon azil ou okonplè, sòf si genyen reta ou lakòz epi yo pa pran desizyon sou aplikasyon an. Anplis, si yo akòde ou azil la, ou gen otorizasyon pou travay imedyatman yo apwouve ka azil ou.



Pawòl sa yo soti nan pwezi "The New Colossus," Emma Lazarus te ekri an 1883. Yo te mete yon plak bwonz ak pwezi sa a ki enspire anpil moun nan mi anndan baz Estati Libète a an 1903.

Èske mwen kapab vwayaje pou ale deyò Etazini apre mwen fin aplike pou azil la?

Si ou oblije vwayaje pou ale deyò Etazini, anvan yon pran yon desizyon final nan ka azil ou, ou dwe resevwa pèmasyon davans, ki rele tou Libète Kondisyonèl Davans anvan ou kite Etazini pou ou kapab retounen. Si ou pa jwenn Libète Kondisyonèl Davans, USCIS ap kwè ou abandone aplikasyon ou epi yo kapab refize ou retounen Ozetazini. Anplis, si ou jwenn Libète Kondisyonèl Davans epi ou retounen nan peyi akòz laperèz pèsekisyon, USCIS kapab detèmine ou abandone aplikasyon ou pou azil sòf si ou kapab bay rezon konvenkan pou ou retounen.

Èske nenpòt moun kapab ede mwen avèk antrevi azil mwen?

Ou kapab vini avèk avoka ou oswa reprezantan legal ou nan antrevi azil la epi se Gouvènman Etazini k ap peye pou sa.

Kijan m ap fè antrevi a si mwen pa pale Angle?

W ap fè antrevi ou ansanm avèk yon entèprèt. USCIS pa bay entèprèt. Ou dwe vini avèk pwòp entèprèt ou nan antrevi a. Si entèprèt ou pa pale Angle byen, yo kapab repwograme antrevi ou pou ou kapab jwenn yon entèprèt ki pi konpetan.

Kisa k ap pase nan antrevi mwen pou azil la?

W ap rive nan biwo azil la pou yon antrevi san konfwontasyon avèk yon ofisyè azil k ap verifye idantite ou epi k ap poze ou kesyon byografik debaz epitou k ap mande ou rezon ki fè ou aplike pou azil la. Tout sa ou di nan antrevi a ap rete an sekre. Li enpòtan anpil pou ou fè Ofisyè Azil la konnen eksperyans ou nan tout detay ki posib pou Ofisyè Azil la kapab detèmine si ou kalifye kòm yon refijye. Yo p ap pran yon desizyon sou ka ou menm jou ou fè antrevi pou azil la.

Kijan ofisyè azil la ap detèmine si mwen kalifye pou azil la?

Ofisyè Azil la ap detèmine si ou kalifye pou azil la. Pou fè sa, l ap evalye si ou satisfè definisyon yon refijye epi si ou pa gen entèdiksyon pou yo akòde ou azil dapre enfòmasyon ou bay sou aplikasyon ou epi pandan antrevi ou avèk Ofisyè Azil la, ak lòt enfòmasyon ki kapab disponib pou ofisyè a.

Kisa k ap pase si yo jwenn mwen pa kalifye pou azil la?

Si yo jwenn ou pa kalifye men ou genyen yon sityasyon imigrasyon ki valid oswa ou kalifye pou rete Ozetazini (dapre Sityasyon Pwoteje Tanporè oswa, nan ka, libète kondisyonèl), w ap resevwa yon avi sou entansyon pou refize ka ou k ap eksplike rezon ki fè yo te jwenn ou pa kalifye. W ap jwenn opòtinite pou konteste rezon sa yo epi pou bay prèv adisyonèl pou sipòte ka ou a. Si ou pa genyen yon sityasyon imigrasyon ki valid, oswa si ou pa kalifye pou rete Ozetazini, y ap mete ou nan pwosedi ekspilasyon epi y ap voye ka ou devan yon jij imigrasyon k ap evalye demand azil ou yon lòt fwa.

Kijan pou mwen fè pou konnen sityasyon ka mwen?

Tanpri kontakte Ofisyè Azil USCIS ki oswa k ap fè antrevi ou pou azil la.

Ki kote mwen kapab jwenn lwa a?

Fondasyon legal pou azil sòti nan Seksyon 208 Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite. Ou kapab jwenn règleman federal ki eksplike kondisyon kalifikasyon ak pwosedi pou azil nan Kòd Règleman Federal (CFR) nan 8 CFR § 208.



PREMYE ETAP: Moun Kap Chèche Azil La Rive Ozetazini

Anjeneral, yon moun k ap chèche pou jwenn azil kalifye pou aplike pou azil anba INA § 208(a) si li 1) rive Ozetazini oswa si li prezan fizikman Ozetazini, epi 2) si li ranpli aplikasyon an pou azil la nan yon ane apati dat li rive Ozetazini oswa si li kapab pwouve genyen yon eksepsyon ki aplike nan egzijans pou li ranpli aplikasyon nan yon ane.

DEZYÈM ETAP: Moun Kap Chèche Azil La Aplike Pou Azil

Moun k ap chèche azil la ranpli **Fòmilè I-589, Application for Asylum and for Withholding of Removal** [Aplikasyon Pou Azil ak Pou Pa Ekspilse], nan Sant Sèvis ki apwopriye a.

TWAZYÈM ETAP: Yo Fè Anprent Ak Tchèk Dosye Kriminel Aplikan An

Aplikan ki genyen laj 13 zan ak plis ap resevwa yon avi nan Sant Sèvis la pou yo ale nan yon Sant Sipò Aplikasyon oswa nan Biwo Lapolis Deziyen ki otorize pou yo fè anprent yo.

KATRIYÈM ETAP: Aplikan An Resevwa Avi Pou Antrevi A

Nan pifò ka yo, yon aplikan ap resevwa yon avi k ap endike dat, kote ak lè antrevi azil la nan 21 jou ki vini apre dat aplikan an te soumèt yon Fòmilè I-589 li ranpli.

SENKYÈM ETAP: Aplikan An Fè Antrevi A

Yon Ofisyè Azil fè antrevi aplikan an nan youn nan uit (8) biwo azil ki nan Arlington, VA; Chicago, IL; Houston, TX; Los Angeles, CA; Miami, FL; Newark (Lyndhurst), NJ; New York (Rosedale), NY; ak San Francisco, CA oswa si aplikan an ap viv twò lwen yon biwo azil, l ap fè antrevi a nan yon biwo distri. Nan pifò ka yo, yo fè antrevi aplikan an nan 43 jou ki vini apre dat li ranpli aplikasyon an, menm si kalandriye pou moun ki fè antrevi nan yon biwo distri kapab pi long paske Ofisyè Azil yo dwe fè aranjman pou vwayaje pou ale nan biwo sa yo.